

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Metode Panalungtikan

Métode bisa disebut ogé cara migawé nu sipatna sistematis pikeun ngahontal hiji udagan nu tangtu, nu satuluyna bisa nyangking tur nyangkem informasi nu keur ditalungtik. Nalika nalungtik hiji hal, salaku panalungtik kudu milih métode nu cocog pikeun panalungtikan, sangkan éta panalungtikan leuwih museur kana naon nu ditalungtik.

Anapon métode nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif. Nurutkeun Sugiyono (2005, kc.21) métode déskriptif nya éta métode nu dipaké pikeun ngagambarkeun atawa nganalisis hasil panalungtikan. Ari nu jadi udagan tina panalungtikan déskriptif nya éta pikeun ngadéskripsikeun, ngagambarkeun sacara sistematis, faktual jeung akurat ngeunaan fakta-fakta, sipat-sipat, sarta patalina antar fénoména nu ditalungtik (Nazir, 1988, kc.63).

Luyu jeung pamadegan Sudjana (1987, kc.52) yén udagan métode panalungtikan déskriptif nya éta ngadéskripsikeun atawa ngajelaskeun peristiwa atawa kajadian nu aya dijamin ayeuna.


Métode déskriptif digunakeun pikeun medar tur nganalisis dongéng nu aya di Kecamatan Conggeang Kabupatén Sumedang nu satuluyna dijadikeun bahan pangajaran maca di SMP.

3.2 Desain Panalungtikan

Ieu di handap mangrupa *desain* panalungtikan nu dijieun ku panalungtik pikeun ngahontal kana udagan panalungtikan.

Bagan 3.1

Desain Panalungtikan



3.3 Lokasi Panalungtikan

Ieu panalungtikan dilaksanakeun di Kecamatan Conggeang Kabupatén Sumedang, Provinsi Jawa Barat.

3.3.1 Lokasi Geografis

Sacara administratif, Kecamatan Conggeang nya éta salasihiji Kecamatan nu aya di Kabupatén Sumedang. Luas wilayah Kecamatan Conggeang, Kabupatén Sumedang nya éta 10.531 Ha, luhurna tina beungeut cai nya éta antara 280-500 dpl.

Wates wilayah Kecamatan Conggeang, diwincik saperti ieu di handap.

- 1) Beulah kalér ngawates jeung Kecamatan Ujungjaya
- 2) Beulah kulon ngawates jeung Kecamatan Buahdua
- 3) Beulah kidul ngawates jeung Kecamatan Cimalaka
- 4) Beulah wétan ngawates jeung Kecamatan Paseh

Gambar 3.1
Peta Kecamatan Conggeang, Kabupatén Sumedang



Jumlah désa di Kecamatan Conggeang aya 12, nya éta:

- 1) Désa Cacaban
- 2) Désa Conggeang Kulon
- 3) Désa Babakan Asem
- 4) Désa Narimbang
- 5) Désa Conggeang Wétan
- 6) Désa Padaasih
- 7) Désa Cibubuan

- 8) Désa Jambu
- 9) Désa Cipamekar
- 10) Désa Cibeureuyeuh
- 11) Désa Ungkal
- 12) Désa Karanglayung

3.3.2 Kondisi Sosial Budaya

3.3.2.1 Demografi

Dumasar data Pamaréntah Kecamatan Conggeang bulan Maret 2018, jumlah penduduk di Kecamatan Conggeang aya 33,614 jalma, saperti katitén dina tabél ieu di handap.

Tabel 3.1

Jumlah Penduduk Kecamatan Conggeang

NO	Nama Desa	Jenis Kelamin		Jumlah
		Lalaki	Awéwé	
1	Désa Conggeang Wétan	1002	1011	2013
2	Désa Conggeang Kulon	1747	1965	3712
3	Désa Karanglayung	1876	1878	3754
4	Désa Cibubuan	1110	1124	2234
5	Désa Cacaban	844	943	1787
6	Désa Ungkal	371	371	742
7	Désa Babakan Asem	1298	1420	2718
8	Désa Padaasih	2268	2328	4596
9	Désa Cibeureuyeuh	703	745	1448
10	Désa Cipamekar	2072	2012	4084
11	Désa Jambu	1501	1450	2951
12	Désa Narimbang	1766	1808	3575
Jumlah				33614

(Sumber: Pemerintah Kecamatan Conggeang 2018)

3.3.2.2 Agama atawa Sistem Kapercayaan

Penduduk Kecamatan Conggeang mayoritas agama Islam, ieu hal bisa katitén tina lobana jumlah sarana ibadah di Kecamatan Conggeang nya éta aya 64 Masjid, 127 Musola, 10 Pasantrén.

Nurlaela Damayanti, 2018

DONGÉNG-DONGÉNG DI KECAMATAN CONGGEANG
KABUPATÉN SUMEDANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA
DI SMP

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.3.2.3 Atikan

Dina widang atikan, sarana atikan nu aya di Kecamatan Conggeang dina taun 2018 bisa didadarkeun dina tabél ieu di handap.

Tabel 3.2
Jumlah Sakola PAUD, TK, SD, SMP, MTs, SMA, jeung MA
Dirinci di Tiap Désa Taun 2018

NO	Ngaran Désa	PAUD	TK	RA	SD	MI	SMP	MTS	SMA	MA
1	Désa Conggeang Wétan	1	1	-	2	-	1	1	-	-
2	Désa Conggeang Kulon	2	-	-	2	-	-	-	-	-
3	Désa Karanglayung	2	-	-	1	-	1	-	-	-
4	Désa Cibubuan	2	-	-	2	-	-	-	-	-
5	Désa Cacaban	1	1	-	2	-	-	1	-	-
6	Désa Ungkal	1	-	-	1	-	-	-	-	-
7	Désa Babakan Asem	1	-	-	1	-	-	-	-	-
8	Désa Padaasih	3	1	-	2	-	-	1	-	-
9	Désa Cibeureuyeuh	2	1	-	3	-	-	-	1	-
10	Désa Cipamekar	1	1	-	1	-	-	-	-	-
11	Désa Jambu	3	1	-	1	-	-	-	-	-
12	Désa Narimbang	1	1	-	1	1	-	1	-	-
	Jumlah	20	7	0	19	1	2	4	1	0

(Sumber: Pemerintah Kecamatan Conggeang 2018)

3.3.2.4 Pakasaban

Dina pakasaban masarakat Kecamatan Conggeang, Kabupatén Sumedang dina taun 2018 bisa didadarkeun dina tabel ieu di handap.

Tabel 3.3
Pakasaban

NO	Ngaran Désa	Pakasaban							Jmlh.
		Tani	Buruh Tani	Pedagang	Buruh	PNS/TNI	JASA	LAIN-LAIN	
1	Désa Conggeang Wétan	427	67	69	106	66		676	1411
2	Désa Conggeang Kulon	736	119	55	275	68		1550	2803
3	Désa Karanglayung	736	124	69	129	61		1512	2631
4	Désa Cibubuan	461	145	40	71	59		803	1579
5	Désa Cacaban	441	57	39	66	40		642	1285
6	Désa Ungkal	137	23	26	25	3		310	524
7	Désa Babakan Asem	825	123	59	70	60		756	1893
8	Désa Padaasih	1052	159	67	128	51		1748	3205
9	Désa Cibeureuyeh	319	48	38	65	44		651	1165
10	Désa Cipamekar	916	155	69	116	59		1649	2964
11	Désa Jambu	547	73	48	109	38		1342	2157
12	Désa Narimbang	835	102	34	97	62		1395	2525
Jumlah		7432	1195	613	1257	611	0	13034	24142

(Sumber: Pemerintah Kecamatan Conggeang 2018)

3.3.2.5 Basa


Dina basa nu dipaké sapopoé ku masarakat Kecamatan Conggeang, lolobana make basa Sunda, sabab rata-rata masarakatna mangrupa masarakat asli Kecamatan Conggeang. Anapon aya sababaraha *pendatang* nu aya di Kecamatan Conggeang, Kabupatén Sumedang ogé teu pati mangaruhan kana basa nu dipaké sapopoéna.


3.3.3 Data jeung Sumber Data Panalungtikan


Data dina ieu panalungtikan nya éta dongéng nu sumebar di Kecamatan Conggeang Kabupatén Sumedang. Ari nu dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan nya éta warga asli Kecamatan Conggeang Kabupatén Sumedang. Anapon sababaraha tokoh masarakat nu diwawancara pikeun meunangkeun data nya éta, (1) Pa Aténg (2) Bu Edah (3) Pa Tata (4) Bu Entin (5) Pa Yaya (6) Pa Hari.

Tabel 3.4

Daptar Biodata Informan

Idéntitas Informan		
1) Ngaran	: Ateng	
2) Umur	: 53 taun	
3) Jenis Kelamin	: Lalaki	
4) Jabatan	: Masarakat biasa	
5) Padumukan	: Désa Narimbang Rt 20 Rw 04, Kec. Conggeang, Kab. Sumedang.	

Idéntitas Informan		
1) Ngaran : Edah Jubaedah 2) Umur : 42 taun 3) Jenis Kelamin : Awéwé 4) Jabatan : Masarakat biasa 5) Padumukan : Dsn. Bobojong Rt. 10 Rw.06 Désa Narimbang, Kec. Conggeang, Kab. Sumedang.		

Idéntitas Informan		
1) Ngaran : Tata Sasmita 2) Umur : 61 taun 3) Jenis Kelamin : Lalaki 4) Jabatan : Pangsiun 5) Padumukan : Dsn. Ciaseum Rt 11 Rw 03 Desa Karanglayung, Kec. Conggeang, Kab. Sumedang.		


Idéntitas Informan		
1) Ngaran : Entin Suryati 2) Umur : 53 taun 3) Jenis Kelamin : Awéwé 4) Jabatan : Masarakat biasa 5) Padumukan : Désa Cacaban Rt 07 Rw 02, Kec. Conggeang, Kab. Sumedang.		


Nurlaela Damayanti, 2018

DONGÉNG-DONGÉNG DI KECAMATAN CONGGEANG
 KABUPATEN SUMEDANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA
 DI SMP

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

--	--

Idéntitas Informan	
1) Ngaran : Yaya Harun 2) Umur : 71 taun 3) Jenis Kelamin : Lalaki 4) Jabatan : Kuncén 5) Padumukan : Dsn. Jambu Tegal Rt 12 Rw 03 Desa Jambu, Kec. Conggeang, Kab. Sumedang.	

Idéntitas Informan	
1) Ngaran : Hari Kumaéni 2) Umur : 50 taun 3) Jenis Kelamin : Lalaki 4) Jabatan : Masarakat biasa 5) Padumukan : Dsn. Kawungluwuk Rt. 05 Rw. 03 Désa Conggéang Kulon, Kec. Conggeang, Kab. Sumedang.	

Nurlaela Damayanti, 2018

DONGÉNG-DONGÉNG DI KECAMATAN CONGGEANG
KABUPATÉN SUMEDANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA
DI SMP

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.4 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Sudjana (1987, kc.101), Instrumén panalungtikan nya éta téhnik nu dipaké nalika ngumpulkeun data di lapangan, saperti kuésionér, tés, obsérvasi, studi dokuméntasi, jsb. Sedengkeun nurutkeun Arikunto (2010, kc.203), Instrumén panalungtikan nya éta alat atawa fasilitas nalika panalungtikan dilapangan, sangkan leuwih babari tur hasilna ogé nyugemakeun. Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan di antarana, pedoman wawancara, *handphone (camera jeung record)*, alat tulis jeung buku catetan.

1) Padoman Wawancara

Runtuyan pedoman wawancara ngeunaan dongéng digambarkeun dina gambar ieu di handap.

Tabél 3.5
Format Wawancara

<p>INSTRUMEN PANALUNGTIKAN</p> <p>INVENTARISASI DONGENG DI KACAMATAN CONGGEANG KABUPATEN SUMEDANG</p> <p>A. RARATAN DONGENG</p> <ol style="list-style-type: none">1. Judul dongéng :2. Nu nepikeun dongéng :a. Ngaran :b. Umur :c. Jenis kelamin :d. Pakasaban :e. Pendidikan :f. Basa nu dipaké sapopoé :g. Padumukan/alamat :3. Asal-usul dongéng pangna aya didinya :4. Tujuan dongéng dicaritakeun :5. Dina acara naon éta dongéng dipidangkeun :6. Fungsi dongéng dipidangkeun: (dianggap karamat, sakral/ritual, hiburan)a. Baheula :b. Ayeuna :7. Génré dongéng: (mite, fabél, farabél, sagé) :8. Ringkesan eusi dongéng : <p>B. TITIMANGSA JEUNG TEMPAT NGAINVENTARISASI</p>
--

Nurlaela Damayanti, 2018

DONGÉNG-DONGÉNG DI KECAMATAN CONGGEANG
KABUPATÉN SUMEDANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA
DI SMP

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

a. Titimangsa	:
b. Tempat	:
c. Waktu: (beurang, soré, peuting, isuk)	:
C. NU NGAINVENTARISASI		
a. Ngaran	:
b. Umur	:

2) Handphone

Handphone di dieu gunana pikeun ngarékam data-data, boh gambar atawa rékaman sora.

3) Alat tulis jeung buku catetan

Alat tulis jeung buku catetan digunakeun pikeun nyatet naon-naon waé nu penting nalika panalungtikan di lapangan.

3.5 Téhnik Panalungtikan

Téhnik dina ieu panalungtikan ngawengku dua tahapan, nya éta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.5.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa hiji hal nu penting atawa bisa ogé disebut kagiatan nu penting, sabab ngaliwatan ieu kagiatan bisa meunangkeun data-data nu dipikahayang luyu jeung naon nu ditalungtik.

Téhnik ngumpulkeun data nu digunakeun dina ieu panalungtikan diwincik saperti ieu di handap.

1) Studi Pustaka

Ieu téhnik digunakeun pikeun néangan sumber atawa tiori-tiori nu aya patalina jeung panalungtikan, nu satuluyna dijadikeun tatapakan dina ieu panalungtikan. Tiori nu dipaluruh ku panalungtik di antarana, tiori ngeunaan dongéng, struktural, jeung pangajaran maca.

2) Obsérvasi

Tehnik obsérvasi gunana pikeun néangan informasi sarta data-data nu

dibutuhkeun ku cara langsung ka lapangan, ngarah data nu ditéangan dumasar kana fakta nu aya.

3) Wawancara

Ieu téhnik gunana pikeun meunangkeun informasi ku cara ngalakukeun tanya jawab ka narasumber. Di dieu panalungtik ngawawancara sababaraha hiji narasumber nu aya di Kecamatan Conggeang.

4) Dokuméntasi

Ieu téhnik gunana pikeun meunangkeun informasi atawa data nu mangrupa foto, rékaman, atawa naon waé nu ngarojong kana panalungtikan.

3.6 Téhnik Ngolah Data

Sanggeus data kakumpul, éta data tuluy diolah kucara:

- 1) Ngumpulkeun data atawa informasi ku cara studi pustaka, obsérvasi, wawancara, jeung dokuméntasi
- 2) Nganalisis dongéng nu kapanggih di Kecamatan Conggeang Kabupatén Sumedang, nu satuluyna ngapasing-pasing dongéng nu cocog pikeun pangajaran maca di SMP.
- 3) Nyieun kacindekan tina data nu geus diolah.

Dina ieu panalungtikan, panalungtik ngagunakeun téhnik transkripsi lisan kana tulisan. Nurutkeun Endraswara (2009, kc. 227) aya sababaraha léngkah dina ngatranskripsi, di antarana:

- 1) *transkripsi sacara kasar*, sakabéh nu aya dina rékaman sora sarta catetan di lapangan didadarkeun sagemblengna. Kitu deui tanda baca sarta struktur kabahasaanna ogé teu dipaliré. Nu penting panalungtik miboga sikep jujur, sarta teu ngarobah-robah data.

2) *transkripsi sempurna*, disaluyukeun jeung hasil rékaman. Nalika manggih kecap atawa kalimah nu teu jelas, diulang-ulang nepi ka kapanggih kecap atawa maknana.